

Vaksen Rapèl pou Grip ak COVID-19 nan Mass General Brigham

Yon vaksen kont grip pwoteje ou kont grip epi li ka diminye risk pou konplikasyon grip yo tou. Nou rekòmande tou pou w rete okouran sou rapèl COVID-19 ou yo, ki enkli dènye rapèl COVID-19 yo si w kalifye.

Poukisa vaksen kont grip la enpòtan?

Yon vaksen kont grip diminye chans pou w pran grip. Yon vaksen kont grip ka pa anpeche w pran grip nèt. Men, pran vaksen kont grip la diminye risk pou enfeksyon, maladi grav, lanmò, ak entènè lopital.

[Sant pou Kontwòl Maladi \(CDC\)](#) rekòmande pou tout moun ki gen sis mwa oswa plis ta dwe pran vaksen kont grip la. Gen diferan kalite vaksen kont grip. Gen kèk vaksen kont grip ki fèt pou moun ki gen 65 an oswa plis. Si w gen 65 an oswa plis, ou ta dwe pran vaksen sa yo, si w disponib.

[Depatman Sante Piblik Massachusetts](#) egzije vaksen kont grip pou tout elèv ki gen laj 6 mwa oswa plis ki ale nan gadri, lekòl matènèl, ak lekòl K-12 nan Massachusetts. Anplis de sa, elèv ki poko gen 30 an ki ale nan lekòl siperyè, ak eksepsyon limite.

Konbyen vaksen kont grip la koute?

- Konpayi asirans sante yo oblije kouvri vaksen kont grip san yo pa chaje yon kopeman oswa koasirans. Men, yo ka mande w pou w resevwa vaksen an nan yon kote espesifik. Asire w ou tcheke kondisyon konpayi asirans ou an.
- Si w pa gen asirans, tanpri rele klinik kote w ap pran vaksen kont grip la pou w pale sou sa l ap koute.

Èske mwen bezwen pran dènye rapèl COVID-19 la tou?

Anplis pou w pran vaksen kont grip ou a, nou ankouraje w pou w [rete okouran](#) ak vaksen COVID-19 ki gen dènye rapèl COVID-19 ladan l, si w kalifye. Dènye rapèl la pral pwoteje w kont souch orijinal COVID-19 la ak varyant omicron an. Jwenn plis enfòmasyon sou dènye rapèl la nan [FAQ sou vaksen COVID-19](#) nou an.

Èske mwen ka pran vaksen kont grip la ak vaksen COVID-19 oswa rapèl ansanm?

Wi, ou ka pran yon vaksen kont grip nenpòt ki lè menm si ou fèk resevwa yon vaksen COVID. Ou ka menm pran tou de vaksen nan menm jou a. Gen kèk klinik ki pral ofri vaksen kont grip ak dènye rapèl COVID-19 ansanm.

Ki kote mwen ka pran yon vaksen kont grip oswa vaksen COVID-19 oswa yon rapèl?

Gen anpil kote pou w pran yon vaksen kont grip oswa yon dènye rapèl COVID . Ou ta dwe pran vaksen kont grip la kote li pi bon pou ou.

Tanpri sonje: Gen kèk kote ki ka ofri vaksen kont grip la sèlman pou pasyan ki gen sèten laj oswa ki ka pa genyen vaksen pou pasyan 65 an oswa plis yo disponib.

Famasi lokal

Vizite yon famasi lokal pou w pran vaksen kont lagrip oswa vaksen COVID-19 oswa rapèl.

Biwo founisè swen prensipal la

Rele founisè swen prensipal ou (PCP) oswa voye mesaj ba yo atravè [Patient Gateway Mass General Brigham](#) pou konnen kijan pou pran vaksen kont grip ou a.

Klinik vaksen yo Mass General Brigham

Klinik vaksen kont grip disponib pou pasyan nou yo ak kominote a. Gen kèk nan klinik sa yo ki ofri dènye rapèl COVID-19 tou. Tcheke lis ki anba a pou jwenn yon klinik vaksen kont grip toupre w.

Tanpri sonje: Gen kèk klinik ki ouvri sèlman pou pasyan ki egziste deja yo. Gen kèk ki ka mande yon randevou. Tanpri tcheke sit entènèt kote a pou plis enfòmasyon.

Brigham and Women's Hospital

Brigham and Women's Hospital ap òganize plizyè klinik vaksen nan klinik ekstèn yo. Chak klinik sa yo ap ofri tou de vaksen kont grip ak dènye rapèl Pfizer pou COVID-19. Randevou obligatwa epi ou ka pran randevou atravè [Patient Gateway](#).

- Chestnut Hill – 850 Boylston St, 4yèm Etaj, Fish Center, Chestnut Hill, MA
- Foxboro – 22 Patriot Place, 4yèm Etaj, Primary Care Suite, Foxboro, MA
- Jamaica Plain – 301 S. Huntington Ave, Jamaica Plain, MA
- Pembroke – 15 Corporate Drive, 1ye Etaj, Phlebotomy Area (kote yo pran san), Pembroke, MA
- Westwood – 100 Brigham Way, 1ye Etaj, Specialty Clinic, Westwood, MA

Pou dat ak lè, tanpri vizite [sitwèb Brigham and Women's Hospital](#).



Cooley Dickenson Health Care

Cooley Dickenson Health Care ap òganize plizyè klinik grip nan lokal swen ijan yo, klinik lamedsin familyal yo, ak kanpis prensipal la.

| Kote | Adrès | Dat |
|--|---|--|
| Cooley Dickenson Hospital, Kanpis Prensipal | 30 Locust St. Northampton, MA | 10è DI MATEN – 4è APRÈ-MIDI |
| Amherst | 170 University Drive Amherst, MA | Lendi a Vandredi, 9è DI MATEN-7è APRÈ-MIDI Samdi ak Dimanch, 10è DI MATEN-4è APRÈ-MIDI |
| Southampton | 12 College Highway (Big Y Plaza) Southampton, MA | Lendi a Vandredi, 9è DI MATEN-7è APRÈ-MIDI Samdi ak Dimanch, 10è DI MATEN -4è APRÈ-MIDI |
| Northampton Family Medicine | 22 Atwood Dr. Northampton, MA | 24 septanm, 1ye oktòb, 8 oktòb 8è DI MATEN-12è APRÈ-MIDI |
| AEIOU Greenfield | 489 Bernardston Rd Greenfield, MA | Lendi a Vandredi, 9è DI MATEN - 3:30 APRÈ-MIDI |
| Sugarloaf Pediatrics - Pasyan Pedyat sèlman - Bay vaksen COVID tou | 29 Elm St. South Deerfield, MA | Madi ak Jedi, 1-4:30 APRÈ-MIDI |

Mass General Hospital

Mass General Hospital òganize yon klinik vaksen kont grip nan lobi Wang Ambulatory Care Center. Adrès la se 15 Parkman St, Boston, MA. Yo ankouraje randevou epi ou ka pran randevou atravè [Patient Gateway](#).

Pou dat ak lè, tanpri vizite [sitwèb Mass General Hospital](#) la.

Martha's Vineyard Hospital

Martha's Vineyard Hospital ap òganize yon klinik vaksen nan kanpis lopital la nan 1ye oktòb soti 9-1:30 APRÈ-MIDI. Adrès la se 1 Hospital Rd, Oak Bluffs, MA. Ou ka jwenn tou de yon rapèl COVID-19 ak yon vaksen kont grip nan lokal sa a.

Nantucket Cottage Hospital

Nantucket Cottage Hospital ap òganize yon klinik vaksen kont grip nan kanpis lopital la. Adrès la se 57 Prospect St, Anderson Building, Nantucket, MA. Randevou obligatwa epi ou ka pran randevou atravè [Patient Gateway](#).

Pou dat ak lè, tanpri vizite [sitwèb Nantucket Cottage Hospital](#) la.

Salem Hospital/North Shore Physician's Group

North Shore Physicians Group ap òganize plizyè klinik vaksen kont grip nan divès kote atravè North Shore a. Pou dat, lè, ak enfòmasyon sou orè, tanpri vizite [sitwèb North Shore Physician's Group](#) la ak [dènye kalandriye](#) yo.



Èske mwen ka pran lagrip nan vaksen kont grip la?

Piki grip la pa ka lakòz grip. Vaksen kont grip swa genyen viris grip ki inaktive (“touye”) oswa kèk pati viris la.

Mwen pa konn malad. Poukisa mwen bezwen vaksen kont grip?

Lè w pran vaksen kont grip la, ou pa sèlman pwoteje tèt ou. Ou ap pwoteje tout lòt moun lè w anpeche grip la gaye, e sa gen pasyan nou yo ak fanmi w, zanmi w ak kominote w ladan.

Poukisa mwen oblije pran vaksen kont grip la chak ane?

Iminite ou jwenn nan pran vaksen kont grip la ka efase. Anplis de sa, souch viris grip k ap sikile yo ka chanje de ane a ane, kidonk ou bezwen yon piki grip ajou chak otòn.

Jwenn plis enfòmasyon sou lagrip ak vaksen kont grip sou [sitwèb CDC](#) a.

Mizajou: 28 oktòb 2022

